



Chanjman Enpòtan nan Children's Home and Community Based Services Waiver Program (Pwogram Dispans Sèvis nan kay ak Kominote pou Timoun)

Pou Paran, Jèn ak Founisè Swen:

Dapre dosye nou yo pitit ou patisipe nan _____ pwogram Children's Home and Community Based Services Waiver Services (HCBS) (Dispans Sèvis nan Kay ak Kominote). Eta New York ap amelyore sèvis sipò pou timoun yo, chanje fason timoun jwenn aksè nan HCBS, epi ajoute sèvis pitit ou ka kalifye pou l resevwa.

Eske pitit mwen ap pèdi kalifikasyon pou sèvis yo?

Non, pitit ou pap pèdi kalifikasyon pou sèvis li resevwa jodi a. Sepandan, ou ka fè esperyans sèten chanjman. Paregzanp, non sèvis la ka chanje. Fason ou resevwa sèvis la ka chanje. Fason yo jere swen an ap chanje. Pi fò timoun ap gen aksè nan plis opsyon pou resevwa swen.

Kisa kap chanje e ki lè?

HCBS Waiver Program (Pwogram Dispans Sèvis nan Kay ak Kominote, HCBS)

Eta New York ap amelyore aksè nan pwogram HCBS timoun yo grasa yon konbinezon diferan pwogram dispans. Chanjman sipoze rive nan kòmansman ane 2019. Sipò pou pitit ou ap kontinye menm jan. Pitit ou ka kalifye pou resevwa nouvo sèvis ak chanjman sa.

Children's Health Home (Mezon Sante Timoun)

Apati 1ye janvye 2019, se Children's Health Home (Mezon Sante Timoun) kap asire prizanchaj swen HCBS la. Yon Health Home (Mezon Sante) se pa yon kote, se yon fason pou resevwa prizanchaj swen konplè ak tout founisè swen ou yo kap travay ansanm pou asire pitit ou jwenn swen yo bezwen an.

Pi fò timoun ka enskri nan yon Health Home epi toujou rete ak founisè jesyonè swen yo pou kounye a. Jesyonè swen w lan ap esplike w kisa chanjman sa vle di pou pitit ou. Yo ka esplike opsyon ou yo epi ede w chwazi yon Health Home.



Children and Family Treatment and Support Services (Sèvis Tretman ak Sipò pou Timoun ak Fanmi)

Apati 1mye janvyè 2019, pral genyen nouvo sèvis atravè Medicaid. Nouvo sèvis sa yo rele Children and Family Treatment and Support Services (Sèvis Tretman ak Sipò pou Timoun ak Fanmi). Sèvis sa yo ede moun ki poko gen 21 lane ak fanmi yo amelyore sante ak byennèt yo. Jesyonè swen ou ka esplike w sèvis sa yo epi li kapab diskite pou konnen si yo ta va itil oumenm ak pitit ou.

Poukisa New York ap fè chanjman sa?

Eta New York ap fè chanjman sa yo nan pwogram Medicaid la pou bay plis sèvis pou timoun. Timoun kalifye ka jwenn plis Sèvis nan Home and Community Based Services (Sèvis nan Kay ak Kominote) yo pa rive jwenn pou kounye a. Epi, Medicaid ap kouvri kèk nan nouvo sèvis san patisipe nan yon dispans.

Eske pitit mwen ap pèdi sèvis pou kalifikasyon?

Non, pitit ou pap pèdi kalifikasyon pou sèvis li resevwa jodi a. Sepandan, ou ka fè esperyans sèten chanjman. Pareganp, non sèvis la ka chanje, fason yo jwenn sèvis la oswa regleman sou kijan livrezon li ka chanje, ak fason jesyon swen an fèt ap chanje. Pi fò timoun ap gen aksè nan plis opsyon.

Eske pitit mwen gen pou l enskri nan yon Medicaid Managed Plan Care (Plan Swen Kontwole Medicaid)?

Jodi a, sèten timoun kap resevwa sèvis Dispans deja enskri nan yon Medicaid Managed Plan Care (Plan Swen Kontwole Medicaid).

Si w poko enskri, ou ka bezwen chwazi yon Plan pi devan. Si sa valab pou w ou, ou ta dwe resevwa yon lèt kap di w lè pou chwazi yon Plan.

Sèten timoun pa ka enskri nan yon Medicaid Managed Plan Care (Plan Swen Kontwole Medicaid). Sèvis yo ap toujou peye atravè Medicaid nòmal.

Si w gen nenpòt kesyon sou enskripsyon nan yon Plan, ou ka pale ak kowòdonatè swen ou oswa rele New York Medicaid Choice (Chwa Medicaid New York) nan 1-800-505-5678 (TTY 1-888-329-1541).

E si mwen gen kesyon?

Si w gen kesyon sou chanjman sa, tanpri rele kowòdonatè swen dispans ou an.